Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 46 (6678) 28 октябрь 2019 с. Итни Сафар 1441 с. Багъа - эркенаб



БАРКИ

ХIурматиял районцоял, баркула нужеда тIаде щолеб бугеб, жинда жанив хирияв МухIамад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб рабигIул аввал моцI. «МархIаба лъикI щвараб, рабигIул аввал, Расул дунялалде вачIараб шагьру, бачIараб батаги баркат-рахIматгун, ХIабиб вакьанциназ кIодо гьавизе» (СагIид-афанди къ.с.)

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

## Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул тадбирал тIоритIана

**Бакълъулазул районалда тIоритIана Дагъистаналъул халкъияв артист, актер, кочIохъан ва музыкант, ТIад Инхо росулъа Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул тадбирал. Гьелъул хIакъалъулъ материал лъезе буго «Гумбет» газеталъул хадусеб номералда.**

**«Гумбет» газеталъул редакция**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

## Бакълъулазул росабалъе газил рогIрал лъолел руго

**Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас «Дагъсельстрой» ГКУялъул нухмалъулесулгун дандрана газ бачиналъул суалал**

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIалтIулаб дандчIвай тIобитIана ДРялъул «Дагъсельстрой» ГКУялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповасулгун. ДандчIваялда гьез халгьабуна районалда социалияб рахъ лъикIлъизабиялъул хIакъалъулъ суалазул.**

ХIажимурад МухIамадовас абуна «Дагъсельстрой» ГКУялъ муниципалитеталда гIумруялде рахьинарулел ругин гIадамазул яшав лъикIлъизабиялде, росаби церетIезариялде ралагьарал кIвар бугел программаби ва проектал.

«Дагъсельстрой» ГКУялъ Бакълъулазул районалда газалъул мухъал рачунел руго. МугIрузул районазде газ бачин захIматаб, гьебго заманалда халкъалъ тIалаб гьабулеб хIалтIи буго. ХIукуматалъ гIумруялде рахьинарулел руго регионал церетIезариялде ралагьарал программаби, бачунеб буго газ, гьарулел руго лъикIал нухал, ралел руго социалиял, культуриял, рукIа-рахьиналъул



бакIал. Баркала загьир гьабула «Дагъсельстрой» ГКУялъул нухмалъулев МухIамад Майрбегович Юсуповасе, районалъул хIажалъабазде кIвар кьуралъухъ ва цадахъ рекьон хIалтIаралъухъ»,- ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ДандчIваялда гьез рорхана Гумбеталда «Росаби комплекснияб къагIидаялда церетIей» абураб программа тIубаялъул, 2020-2025 соназул программалде муниципалитет гьорлъе ккезабиялъул хIакъалъулъ суалал.

Росдал магIишат, росаби церетIезариялъул 2013-2020 соназе пачалихъияб программа тIубазабулаго, «Дагъсельстрой» ГКУялъ Бакълъулазул районалъул Бабаюрталъул гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб зоналда ЦIияб ЦIиликь ва Нарыш росабалъ бана кIиго фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункт. 2014 соналъ МелъелтIа росулъе 26,3 км манзилалда рачана газалъул мухъал.

2019 соналъ газил мухъ ЦIиликье бачун 6,4 км манзилалда лъугIизабизе планалде босун буго. Хадусел соназ газил мухъал хIалтIизаризе кьезе руго ЛъаратIа ва Аргъвани росабалъ (3,71 ва 24,69 км манзилалда).

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ЦIияб Аргъваниб школа бай, 184 чиясе хъулухъ, рентген аппарат лъей...

**Республикаялъул программаби гIумруялде рахъинариялъул суал гьоркьоб лъуна Бакълъулазул районалда**

**21 октябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана республикаялъул программаби гIумруялде рахъинариялъул, чIегIер боцIи унтиялъе гIилла тIатинабиялъул, муниципалиял хъулухъал гьариялъул ва цогидалги суалал гьоркьор лъураб дандельи.**

Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. «Трансстрой» ХК ОООялъул исполнительнияв директор Александр Лохнов кIалъаялдасан баянлъана ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа баялъул бугеб хIал. «Араб анкьалъ балеб бакIалде бачIана 32 тонна цемент, 10 000 кирпич, 20 тонна арматура, 400 кв.метр хъарщи, хIажатал тIагIалаби,



(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ХIажимурад МухIамадов: «Бакълъулазул районалда рагьун руго туристлъиялъулал маршруталл...»

-2 гьум.



Щуго районалъул зоналияб халгьаби

-2 гьум.



Школалда тIох лъолеб буго

3 гьум.




ГТОялъул нормативал кьуна

3 гьум.

# ХӀажимурад МухӀамадов: «Бакълъулазул районалда рагьун руго туристлъиялъулал маршрутал...»

**Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов гӀахьаллъана Халкъазда гьоркьосеб туристлъиялъул форум рагьиялда**

**«Россия-дир тарих» абураб тарихияб паркалъул байданалда Халкъазда гьоркьохъеб туристлъиялъул «OPEN DAGESTAN 2019» форум рагьиялда гӀахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад**



**МухӀамадов.**

Форумалда гьоркьор лъуна туристлъиялъулгун рекреационниял кластерал гӀуцӀиялъул, Дагъистан Республикаялъул инвестициялъулал проектазул презентациял гьариялъул суалал, тӀоритӀана аслиял туроператоразул Россиялъул ва халкъазда гьоркьосел экспертазул туризмалъул суалазда хурхун семинарал ва цогидалги тадбирал. Гьеб тадбиралда жиграб гӀахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас, WBOялъул рахъалъ бакӀаб цӀайиялда дунялалъул чемпион, олимпиялъул хӀаязул боксалъул рахъалъ гӀарцулав призер Султан Ибрагьимовас, эркенаб гугариялъе дунялалъул чемпион КъурамухӀамад КъурамухӀамадовас, Бакълъулазул районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад ГӀумардибировас, культураялъул отделалъул хӀалтӀухъабаз.

«Бакълъулазул районалда рагьун руго туристлъиялъулал маршрутал, гӀуцӀун руго туристазе санагӀатал шартӀал, туризм цебетӀезабиялде балагьараб хӀалтӀи»,-ян абуна ХӀажимурад МухӀамадовас.

Форум тӀобитӀана Россиялъул Федерациялъул экономикаялъул Министерствоялъул, туризмалъул рахъалъ Федералияб агентствоялъул, республикаялъул БетӀерасул ва ХӀукуматалъул рахъ ккеялдалъун, Дагъистан Республикаялъул туризмалъул ва халкъиял художественниял промыслабазул рахъалъ министерствоялъ.

**«Гумбет» РИО**

# ЦӀияб Аргъваниб школа бай, 184 чиясе хъулухъ, рентген аппарат лъей...

**(Байбихьи-тӀоцебесеб гьум.)** ретӀел ва цогидаби. Гьаб анкьалъ бачӀине буго гьебго къадаралда бакӀал раялъул материал. Гьаб сагӀат хӀалтӀулаб къокъаялда вуго 11 чи, тӀадеги 15 чи вачӀинеги вуго. Саратовалдаса ахӀун вуго кӀудияб хӀалбихьи бугев прораб. Гьединго нижеца росана прожекторал, къасиги школа баялда хӀалтӀизе санагӀалъиялъе. КӀиго анкьалдасан тӀоцебесеб тӀалаялда пластикаялъул гордал лъезе руго;-ян абуна Александрица.

Районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас абуна школа баялъул хӀалтӀи хехлъизе букӀиналда божи бугин.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадовас бицана централде 213 тӀарза бачӀанин пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян, гьелдасан 184 тӀубанин.

Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГӀали ГӀалиевас баян гьабуна МелъелтӀа ва ЛъаратӀа росабалъ чӀегӀер боцӀулъ унти баккун бугин, гьелде данде къеркьей, профилактическиял тадбирал унел ругин.

Бакълъулазул централияб больницаялъул бетӀерав тохтурасул ишал тӀуразарулев МухӀамадхӀабиб Абакаровас бицана больницаялда рентген-аппарат лъунин, хӀажатал дарабазе заказ кьунин. «Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас абуна Хасавюрт-Кьохъ шагьранухда ремонт гьабулеб бугин. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухӀма МухӀамадовас рехсана ГТОялъул нормативал 10 чияс кьунин, нилъер республикаялда гьеб ишалде кӀудияб кӀвар кьолеб букӀин хӀисабалдеги босун, ГТОялъул нормативал кьолезул къадар цӀикӀкӀинабизе хӀажат бугин.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадовас бицана ТӀолгороссиялъул олимпиадаялъул муниципалияб школалъул этапалда байбихьун бугин, гьаб анкьалъ районалда художественнияб хӀаракатчилъиялъул республикаялъулаб халгьаби-конкурсалъул зоналияб этап тӀобитӀулеб букӀиналъул, «Дир гъасито-гӀагараб Дагъистан» абураб гьеб халгьабиялда Хунзахъ, ГӀахьвахъ, ЦӀумада ва Болъихъ районаздаса коллективал гӀахьаллъулел рукӀиналъул хӀакъалъулъ.

Данделъиялъул ахиралда МухӀамад Хъарагишиевас хӀасилал гьаруна ва тӀадкъаял кьуна.

**Хадижат Мазгарова**

# Ракьул къанун хӀалтӀизабиялъул масъалаби

**Пачалихъияб кадастровияб багьа чӀезабиялъул хӀакъалъулъ суал**

**Муниципалитеталъул администрациялда районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевасул нухмалъиялда тӀобитӀана пачалихъияб кадастровияб багьа чӀезабиялъул хӀакъалъулъ суал гьоркьоб лъураб данделъи.**



Тадбиралда гӀахьаллъана районалъуладминистрациялъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухӀма Халидов, районалъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев Шамил Салатгереев, Россиялъул налогазул хъулухъалъул Дагъистаналда бугеб №12 районазда гьоркьосеб инспекциялъул ТОРМалъул рахъалъ кӀудияй Асият ГӀумарахъаева, ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадов, росабазул поселениязул бутӀрул ва цогидалги. Данделъиялда гьоркьор лъуна пачалихъияб кадастровияб багьа чӀезабиялъул хӀалтӀи гьабиялъул ва гьелда хурхун тадбирал тӀоритӀиялъул низам бичӀчӀинабиялъул хӀакъалъулъ суалал.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧӀОНИ, ЧӀУНТУЛА ДУНЯЛ

# Щуго районалъул зоналияб халгьаби

**Бакълъулазул районалда тӀобитӀана «Дир гъасито-гӀагараб Дагъистан» абураб конкурс**

**23 октябралда Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул залалда тӀобитӀана художественнияб хӀаракатчилъиялъул «Дир гъасито-гӀагараб Дагъистан» республикаялъулаб халгьаби-конкурсалъул зоналияб этап.**

Гумбет, Хунзахъ, ГӀахьвахъ, Болъихъ ва ЦӀумада районазул художественниял коллективаз гӀахьаллъи гьабуна гьениб. Конкурс ана лъабго номинациялда.

Тадбир рагьана ва бачана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул специалист ГӀабдула МухӀамадовас. Конкурсалъул гӀахьалчагӀазда ва киналго гьалбадерида баркун кӀалъай гьабуна Бакълъулазул районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас. «Гьалбал хирияв бакълъулазул ракьалда киназего салам кьезе, баркизе щвеялдаса вохарав вуго. Дагъистан ккола гьунар бугел гӀадамал гӀемераб бакӀ. МугӀрузул улкаялда художественнияб хӀаракатчилъи, кверзул махщел, халкъияб творчествоялъул гӀемер батӀиял тайпаби руго. Бакълъулазул районалда лъималазул искусствоялъул школалъ, лъималазул творческияб рукъалъ гьел ругьун гьарулел руго къурди-кечӀалъе, кверзул махщелазе. Бакълъулазул гӀисинал къурдухъабаз рази гьарула районцоял, гьел цере рахъуна республикаялъулал конкурсазда. Призовиял бакӀал щвана творческияб рукъалъул цӀалдохъабаз гьарурал тӀагӀалабазе республикаялъулал выставкабазда.

Конкурсалъул гӀахьалчагӀазе гьарула бергьенлъаби ва республикаялъул этапалде ине рес»,-ян абуна МухӀамад Хъарагишиевас.

Жюриялъул членаз хӀасилал гьарун, миллиял музыкалиял



тӀагӀелазда бакъгнал рачиналъул номинациялда тӀоцебесеб бакӀ ккуна Хунзахъ районалда-




са Кадалав ГӀабдулхӀамидовас, кечӀ ахӀиялъул номинациялда тӀоцебесеб бакӀалде ячӀана ЦӀумада районалдаса Багьжат ГӀаличуева. Фольклорияб къурдул номинациялда тӀоцебесеб бакӀ щвана Бакълъулазул районалъул «ГӀисинал къурдухъаби» къурдул ансамблялъе.

Жюриялъ гьединго тӀоцебесеб даражаялъул диплом миллияб къурдул номинациялда ГӀахьвахъ районалъул «Каратинка» къурдул ансамблялъе ва «Балагьаразул рекӀее гӀурай» номинациялда рекъон грамота Болъихъ районалдаса Алифат ХӀажиевалъе къуна.

Тадбир лъугӀидал киналго гӀахьалчагӀаз цадахъ ахӀана Расул ХӀамзатовасул «Дагъистан» абураб кечӀ.

**Хадижат Мазгарова**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Школалда тIох лъолеб буго

### 150 школа» проект тIубаялъул халгьабуна ЛъаратIа школалда

**«Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевасул нухмалъиялда ЛъаратIа школалде ун рукIана районалъул администрациялъул вакилзаби.**

Делегациялда гьоркьор рукIана коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудинов, юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГIалиев, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв специалист Сурхай Сурхаев ва цогидалги.

Республикаялъулаб «150 школа» проекталда рекъон, Бакълъулазул районалда ремонт гьабулеб буго ункъо школалъе, гьездаго гьоркьоб ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъеги.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас суал кьуна школалда проект гIумруялде бахъинаби кин унеб бугебан, хIажатаб бакIал раялъул материал бугищан. «Школалда тIох лъун лъугIулеб буго, лъезе руго цIиял батареял, нуцIби, кьачIазе буго гIодочIабар»,-ян абуна ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Гьайирбег ХIусеновас.



Школалда киналго ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго «Формат» ОООялъул подрядчияб гIуцIиялъ.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ - МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# ГТОялъул нормативал кьуна МахIачхъалаялда

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз гIахьаллъи гьабуна муниципалиял хъулухъ чагIазда гьоркьоб МахIачхъалаялда тIобитIараб спартакиадаялда ва тIолгороссиялъул физкультуриялгун спортивиял комплексалъул нормативал кьуна.**

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевасул нухмалъиялда тахшагьаралде арал хIалтIухъабаз ГТОялъул нормативал лъикI кьуна ва меседил, гIарцул, мазгарул гIаламатал щвана.

«2014 соналъул 1 сентябралдаса, Россиялъул президент В. Путинил марталъулаб указалдаса хадуб байбихьана ГТОялъул нормативал кьезе. Сахлъи бугел, физическияб рахъалъ церетIурал гIадамал рукIине квербакъизе буго гьелъ. ГТОялъул комплексалъ гьорлъе рачIине руго батIи-батIияб гIелалъул (анлъгоялдаса 70-ялде щвезегIан ва тIаде сонал рарал) гIадамал. Районалдаги спартакиадаби тIоритIун, ГТОялъул нормативал кьей гIуцIизе буго»,-ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# ЦIалдохъабазе малъа-хъваял гьаруна

### Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана «ХIинкъи гьечIолъиялъул анкь»

**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул ПДНалъул инспектор МухIамад ХIусейновас ва ОГИБДДялъул нухмалъулев Расул Ахкубеговас Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана, 1-11 классазул цIалдохъаби гIахьал гьарун, «ХIинкъи гьечIолъиялъул анкь».**

Гьеб тадбиралде рачун рукIана цIа ккеялдаса цIуниялъул №45 частаялъул хIалтIухъан ва Игьали участкаялъулаб больницаялъул медицинаялъул хIалтIухъан.

ОГИБДДялъул нухмалъулес лъималазда бицана росулъ жанисел нухазда, шагьранухазда, жамгIиял бакIазда хIинкъигьечIолъи цIуниялъул, лъелго нухда хьвадулаго лъазе кколел кьагIидабазул. БичIчIизабуна «Рукъ-школа-рукъ» маршруталда хьвадизе кколеб куц.

Цогидал кIалъазе рахъаразги бицана тамахъоялъ, гIаракьиялъ кинаб зарал гьабулеб гIолеб гIелалъе, такъсирчилъиялдаса цIунизе кколебльи, квешал гIамалазда ругьунлъизе бегьунгутIи, гIадатияб гуреб ахIвал – хIалалъул заманалда, нагагь цIа кканиги щиб гьабизе кколебали, наркотикал хIалтIизаризе бегьунгутIи ва гь. ц.



ДандчIваялъул ахиралда киналго цIалдохъаби ахIана гIадлу-низам хвезаби биччангутIизе, лъай борхизабизе, спорталда гIахьаллъизе.

**«Гумбет» РИО**

ЗИГАРА

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго МухIамад МухIамадовасда кIодоэбел ПатIимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан наиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

АНТИТЕРРОР

# ГIолилазул тIабигIат-гIамал берцинлъиялде ралагьарал суалал гьоркьор лъуна

### Бакълъулазул районалдаса правовияб академиялъул студенталгун дандчIвана гIолилазул централъул вакилзаби

**Россиялъул правовияб академиялъул Северияб Кавказалъул институталъул филиалалда цIалулел бакълъулазул районалдаса студенталгун дандчIвана гIолилазул централъул вакилзаби.**

ДандчIвай тIобитIиялъул мурад букIана централъул хIаракатчилъиялъулгун студентазул лъай-хъвай гьаби, цIалдолезул гьунки щулалъи, гьел жамгIияб ишалъулъе цIай



гIолилазда, экстремизмалъул, терроризмалъул идеологиялъул зарал бичIчIинаби.

Тадбиралда гIахьаллъана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Маккашарипов, районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, муниципалиталъул терроризмалда данде къеркьеялъул комиссиялъул нухмалъулев Расул Даитбегов, Дагъистаналъул исламияб университеталъул кафедралъул нухмалъулев, UFCалъул спортсмен Халид МуртазагIалиев, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул МахIачхъала шагьаралда вугев сопредседатель ГIабдула Юнусов ва цогидалги.

Гьалбадерица жидерго кIалъаязда киналго студентал ахIана лъикI цIализе, лъайкьолезул адаб гьабизе, умумул разияб хIалалъ хьвадизе, лъикIаб букIинеселъе гIоло къеркьезе. Гьединго рорхана экстремизмалдаса, терроризмалдаса, наркотикал хIалтIизариялдаса, хъалиян бухIиялдаса, гIаракьи гьекъеялдаса рикIкIад чIезе ккеялъул суалалги.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБАЗУЛ МАДАНИЯБ ГIУМРУ

# Росдал руччабазул къоялда хурхун бакълъулазул росабалъ тадбирал тIоритIана

**Бакълъулазул районалъул росабалъ маданиял хIалтIухъабаз халкъазда гьоркьосеб росдал руччабазул къоялда хурхун, тIоритIана батIи-батIиял тадбирал.**



МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда гьелъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ библиотекаялъул нухмалъулей Аминат Халидовалъгун цадахъ вечер тIобитIана. Росдал руччабазул байрамалъул тарихалъул бицун хадуб, ГIазра РурухIмаевалъ цо-цо руччабазе сайгъаталги кьуна.

Щадбухъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Раисат Абакаровалъ гургинаб стол тIобитIана росдал руччабазул байрамалда хурхун, рехсана росабалъ руччабазул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ баянал.

ЦIияб Данухъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ХIузаймат Багьавудиновалъ цо-цо руччабазда рукъзабахъе ун баркана байрам. Кунзахъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев ГIабдула КъурбангIалиевас бакIалъулаб радиоялдасан гьабуна «Шагьаралъул ва росдал чIужугIадан» абураб темаялда гара-чIвари.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Об изменениях в Уголовно-процессуальном кодексе Российской Федерации

**1 сентября 2019 года вступил в силу Федеральный закон от 29.07.2018 № 228-ФЗ «О внесении изменений в Уголовно-процессуальный кодекс Российской Федерации» (далее – Закон), которым вводится обязательная аудиозапись судебного заседания по уголовным делам. Законом также предусматривается возможность подачи замечаний на аудиозапись.**

Обязательная аудиозапись судебного заседания предусмотрена не только при рассмотрении уголовного дела по существу, но и в иных судебных заседаниях, в том числе при разрешении судом ходатайств следователей и дознавателей органов предварительного расследования на досудебной стадии уголовного судопроизводства.

Статьей 29 Уголовно-процессуального кодекса Российской Федерации (далее - УПК РФ) предусмотрены виды ходатайств следователей и дознавателей органов предварительного расследования, к которым относятся: избрание меры пресечения в виде заключения под стражу, домашнего ареста, залога, запрета определенных действий, продление их срока, производство осмотра жилища при отсутствии согласия проживающих в нем лиц, производство обыска и (или) выемки в жилище, наложение ареста на корреспонденцию, разрешение на ее осмотр и выемку в учреждениях связи, наложение ареста на имущество, при рассмотрении жалобы на действия (бездействие) и решения прокурора, руководителя следственного органа, следователя, органа дознания, начальника органа дознания, начальника подразделения дознания и дознавателя.

Ранее, до внесения изменений в УПК РФ, то есть до 01.09.2019, в судебном заседании составлялся письменный протокол, а после внесений изменений в УПК РФ обязательно ведение аудиозаписи судебного заседания, то есть – аудиопротоколирование. При этом к аудиопротоколу предъявляются такие же требования, как и к письменному протоколу. Участники судебного заседания вправе знакомиться с аудиопротоколом, подавать на него письменные замечания. Изменения в УПК РФ направлены на совершенствование судебной системы, обеспечение доступа участников уголовного судопроизводства к правосудию, его открытости, прозрачности и объективности.

**М.А.Магомедов, заместитель прокурора Гумбетовского района, старший советник юстиции**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Малоимущие многодетные семьи и малоимущие одиноко проживающие граждане!

**Уважаемые жители Гумбетовского района!**

Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» информирует об утверждении Порядка предоставления компенсации расходов малоимущим одиноко проживающим гражданам на приобретение пользовательского оборудования для подключения к цифровому телевизионному вещанию в Республике Дагестан. Согласно Постановлению Правительства Республики Дагестан от 14 октября 2019 г. №252.

**Право на компенсацию имеют:**

- малоимущие многодетные семьи и малоимущие одиноко проживающие граждане Российской Федерации, среднедушевой доход которых ниже величины прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан, постоянно проживающим на территории Республики Дагестан в населенных пунктах, расположенных в зоне охвата сетью эфирной цифровой наземной трансляции обязательных общедоступных телеканалов.

Размер компенсации составляет не свыше -1500 руб.

- в населенных пунктах, расположенных вне зоне охвата сетью эфирной цифровой наземной трансляции обязательных общедоступных телеканалов.

Размер компенсации составляет не свыше -6500 руб.

Заявитель должен представить следующие документы:

1). Копия паспорта или иного документа, удостоверяющего личность заявителя (с предъявлением подлинника);

2). Документы подтверждающие понесенные заявителем расходы, связанные с приобретением и установкой оборудования в период с 1 мая 2019 года по 30 апреля 2020года.

3). Справка, выданная Управлением социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» о признании многодетной семьи малоимущей или гражданина- малоимущим одиноко проживающим гражданином, действительна в течении шести месяцев со дня ее выдачи.

В связи с этим сообщаем, что для решения вопроса о компенсации данных расходов необходимо обратиться в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район».

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Дагестанские энергетики проводят кампанию по актуализации потребителей электроэнергии

**Уважаемые потребители электроэнергии!**

Дагестанские энергетики проводят кампанию по актуализации (инвентаризации) потребителей электроэнергии. Основная цель проведения актуализации (инвентаризации) – установление диалога с потребителем электроэнергии. В рамках инвентаризации энергетики планируют провести:

- актуализацию фактического потребителя и внесение его персональных данных в базу ПРК «Стек-Энерго»;

- привязку фактически установленного прибора учета (счетчика) к лицевому счету потребителя;

- установление фактически потребленной электрической энергии с последующим отражением результатов в базе ПРК «Стек-Энерго».

Сбор недостающей информации о пользователях, владельцах, собственников помещений, а также получение необходимой правоустанавливающей информации на объекты энергоснабжения, актуализация данных о приборах учета позволит, в конечном итоге, улучшить платежную дисциплину и снизить потери электрической энергии. Кроме того, выполнение указанной работы позволит произвести корректировку объемов электрической энергии в случае выявления фактов некорректных начислений на потребителя электроэнергии.

В связи с этим, энергетики просят жителей Республики Дагестан с пониманием отнестись к проводимым мероприятиям. Если у потребителя есть сомнения в личности проверяющего, то он может позвонить на телефон «горячей линии» Департамента обеспечения безопасности по Республике Дагестан «Россети Северный Кавказ» 8 (903) 492-87-77 или (8722) 51-87-44 и уточнить, действительно ли такой человек представляет энергокомпанию. По всем проблемным вопросам можно также проконсультироваться по телефону горячей линии «Россети Северный Кавказ» 8 800 775-91-12. Напоминаем, что в соответствии с методикой проведения проверки (инвентаризации) специалисты энергокомпаний имеют право и будут проводить фотофиксацию приборов учета и иных абонентских данных.

**Э. Г. Гаджибабаев, управляющий директор ПАО«Дагестанская энергосбытовая компания»**

## Инструктаж по охране труда

**Проведение инструктажа по охране труда в любой организации должно быть организовано в соответствии с двумя нормативными документами:**

1. ГОСТ 12.0.004-90. Межгосударственный стандарт. Система стандартов безопасности труда. Общие положения (утв. и введен в действие Постановлением Госстандарта СССР от 05.11.1990 г. № 2797).

2. Постановление Минтруда РФ, Минобразования РФ от 13.01.2003г. № 1/29 « Об утверждении «Порядка обучения по охране труда и проверки знаний требований охраны труда работников организаций» (Зарегистрировано в Минюсте РФ 12.02.2003 № 4209).

Инструктажи по охране труда

1. вводный
2. первичный
3. повторный
4. внеплановый
5. целевой

Вводный инструктаж по охране труда проводится по утвержденной руководителем организации программе и фиксируется в журнале регистрации вводного инструктажа. Вводный инструктаж, как правило, проводит инженер по охране труда, либо, при его отсутствии, другое должностное лицо, ответственное за эту процедуру. В небольших организациях эту обязанность вполне может оставить за собой сам руководитель Вводный инструктаж работнику проводится один раз, при его трудоустройстве.

Все последующие инструктажи относятся к категории инструктажей на рабочем месте. И, как следует из названия, эти инструктажи проводятся с работником на его рабочем месте, а проводит их непосредственный руководитель этого самого работника.

Первичный инструктаж по охране труда должен быть проведен работнику перед тем как он приступит к своим трудовым обязанностям. Первичный инструктаж, так же как и вводный, проводится по утвержденной программе, причем в данном случае, программа должна быть разработано для каждой профессии отдельно.

Повторный инструктаж по охране труда проводится по программам проведения первичного инструктажа на рабочем месте. Периодичность проведения повторного инструктажа- проводится не реже одного раза в полугодие.

Внеплановый и целевой являются не самыми популярными видами инструктажа. Зачастую, про них забывают, либо просто пренебрегают. В каких случаях должен проводится внеплановый инструктажа

при введении в действие новых или изменении законодательных и иных нормативных правовых актов, содержащих требования охраны труда, а также инструкций по охране труда при изменении технологических процессов, замене или модернизации оборудования, приспособлений, инструмента и других факторов, влияющих на безопасность труда;

при нарушении работниками требований охраны труда, если эти нарушения создали реальную угрозу наступления тяжких последствий:

по требованию должностных лиц органов государственного надзора и контроля;

при перерывах в работе (для работ с вредными и (или) опасными условиями - более 30 календарных дней, а для остальных работ - более двух месяцев);

по решению работодателя ( или уполномоченного им лица).

Целевой инструктаж проводят при выполнении разовых работ, не связанных прямыми обязанностями по специальности ( погрузка, выгрузка, уборка территории, разовые работы вне предприятия, цеха и т.п.); ликвидации последствий аварий, стихийных бедствий и катастроф; произведение работ, на которые оформляется наряд - допуск, разрешение и другие документы; проведение экскурсии на предприятии, организации, массовых мероприятии с учащимися ( экскурсии, походы, спортивные соревнования и др.)

**Раисат Ахмедова, специалист по охране труда**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.